

Rezime Pwen yo Sou Bon Obligasyon Jeneral

Apèsi

- Komisyon Konsèy Lekòl la ak Depatman Edikasyon Florid apwouve yon plan alontèm pou modènize e ofri pou mete ajou teknoloji edikasyonèl nan bilding piblik Distri a genyen.
- Jou 6 novanm 2012 votè nan Miami-Dade County pral gen opòtinite pou decide si pou finance pwojè a atravè yon “General Obligation Bond (GO)” (Bon Obligasyon Jeneral) \$1.2 milya.
- Eta a pa ka bay finansman kapital adekwat alontèm pou lekòl pou jenerasyon elèv aktyèl e pou elèv nan lavni nan Miami-Dade. Bon GO yo se resous fon ki pi komen pou kapital alontèm nesèsè e apwobasyon yon bon konsa se yon desizyon lokal.

Bezwen Etablisman yo

- Prèske mwatye nan bilding lekòl Distri yo gen plis pase 40 an e plis pase yon tyè gen omwen 50 an.
- Sa a se yon pwoblèm nasyonal ki pi sevè nan Miami-Dade, akòz diminisyon nan finansman eta a e anplis resan atansyon pou konfòme avèk manda Konstitisyonèl pou Kantite Elèv nan yon Saklas e kondisyon ankonbreman kritik nan nouvo lekòl yo. Nan dènye 10 ane yo nou kreye 105,000 estasyon pou elèv nan nouvo bilding yo.
- Anpil etid konkli elèv nan bilding lekòl ki pa nan nivo estanda, ki pa gen kapasite teknolojik, pèfòme nan nivo pi ba pase elèv nan nouvo bilding fonksyonèl yo.
- Ogmante sekirite ak pwoteksyon nan bilding lekòl yo se priyorite nimewo en e prensip ki ap gide nou nan nouvo Referandòm Bon 2012 la. Mank egalite teknolojik atravè sistèm lekòl la se yon lòt gwo priyorite pou Referandòm Bon an e li pral adrese sa kòmanse nan premye ane li enplimante.
- Distri a ap desine e kreye plis bilding dirab avèk redui pri fonksyonman alontèm, nan suiv “LEED” pou desine lekòl estanda.
- Elèv nan etablisman modèn yo ap sèvi ak teknoloji edikasyonèl dènye kri ap pi byen prepare pou Ekonomi Global 21yèm Syèk yo.

Siveyans

- Akòz nou sansib pou fado sou takspeyè lokal yo Komisyon Konsèy Lekòl la redui taks li kontwole; li te redui total taks la de \$195 milyon depi 2008.
- Pou ofri transparans nou pral etabli yon konsèy sitwayen ak yon komite siveyans. Komite a pral asire pwojè travay yo distribye alè e avèk egalite nan kominote yo.

Efè sou Pwopriyetè Kay e Ekonomi Lokal

- Premye ane a (2013) yo estime li ap afekte pwopriyetè kay yo avèk yon valè taksab (mwens ekzanpsyon aplikab) \$100,000 ap peye apwoksimativman \$5 anyèlman oubyen \$0.45 pa mwa; gade Estimasyon Kalkil Taks sou paj Entènèt la pou detèmine estimasyon efè taks endividyèl.
- Kon Bon 1988 fin peye, nouvo bon an nou pral otorize 6 novanm 2012 la pral ranplase li lè sa a.
- Nan yon etid “Washington Economics Group Inc.” (Koperasyon Gwoup Ekonomik Washington) fè resaman konkli:
 - ° Modènizasyon etablisman lekòl yo e amelyorasyon kapasite teknoloji ap pwodui yon pi gwo benefis sou investisman takspeyè depase pri pou sèvi dèt la.
 - ° Li pral kreye 9,000 travay diran premye twazan yo avèk plis pase 18,000 travay dirab pandan kous konstriksyon Bon GO a.

- ° Ap genyen benefis sistematik kòmmanse sou ogmante pèfòmans elèv kote rezilta a se yon ogmantasyon yo pwojite nan kantite elèv ki pral gen edikasyon nivo wo, kote nan yon mwayèn lajan ansyen elèv nan Lekòl Leta Miami-Dade County fè ap pi wo.
- ° Ranvwaye Bon GO a ap ajoute yon pri siyifikatif sou takspeyè yo akòz pri konstriksyon pa wo tankou lè pik yo e to enterè yo istorikman ba.
- Tout kominote Miami-Dade pral benefisye paske Bon GO a ap ofri finansman davans ki soti nan men envestisè deyò Miami-Dade nan mache finansyè a e 100% lajan sa a ap re-envesti nan ekonomi lokal la.

Pou plis enfòmasyon silvouplè vizite sit:
<http://bondsfor schools.dadeschools.net>